

Lwa Eta New York sou Konfidansyalite ak VIH:  
Lwa sou Sante Piblik, Atik 27-F

---



## **Kisa Lwa sou Sante Piblik la Ye, Atik 27-F?**

Atik 27-F la se seksyon Lwa sou Sante Piblik Eta New York la ki pwoteje konfidansyalite ak lavi prive tout moun ki:

- Te fè tès VIH;
- Te ekspoze a VIH;
- Gen yon dyagnostik ki montre yo ap viv ak VIH oswa maladi ki gen rapò ak VIH/SIDA; oswa
- Te sibi trètman pou maladi ki gen rapò ak VIH/SIDA.

## **Lwa sou Sante Piblik, Atik 27-F:**

- Mande pou yo ofri tout moun ki gen laj trèz lane oswa plis yon tès VIH omwen yon fwa nan kad swen sante nòmral;
- Mande, avèk kèk eksepsyon, pou yo dilvilge (pataje avèk lòt moun) enfòmasyon sou kondisyon VIH yon moun sèlman si moun lan siyen yon fòmilè divilgasyon VIH oswa si fòmilè a siyen pa gadyen legal moun lan oswa mandatè pou swen sante l;
- Aplikab pou moun ak etablisman ki bay sèvis swen sante dirèktemen a nenpòt moun ki resevwa enfòmasyon sou VIH konsènan yon moun, an konfòmite a yon fòmilè divilgasyon VIH ki byen ranpli;
- Mande pou nenpòt moun oswa etablisman travay li kouvri pa Atik 27-F la e ki resevwa enfòmasyon ki gen rapò ak VIH DWE kenbe enfòmasyon sa a sekre, jan lalwa mande sa.

## **Kisa ki enfòmasyon konfidansyèl ki an rapò ak VIH?**

Se tout enfòmasyon ki montre yon moun:

- Te fè yon tès ki gen rapò ak VIH (tankou yon tès antikò VIH, tès CD4, tès chaj viral, tès PCR (Reyaksyon Polimeraz an Chèn), oswa lòt tès;
- Gen dyagnostik ki montre l ap viv ak VIH, oswa maladi ki gen rapò ak VIH, oswa SIDA;
- Te ekspoze anba VIH;
- Gen youn nan kondisyon sa yo, tankou enfòmasyon sou kontak seksyèl moun lan oswa kontak ak sereng pataje; oswa
- Se yon patnè oswa kontak seksyèl/ itilizasyon sibstans yon moun ki te dyagnostike kòm moun kap viv avèk VIH.

## Nan ki sikonstans yo ofri yon moun yon tè VIH?

Yo dwe ofri tè VIH omwen yon fwa bay tout pasyan ki gen laj 13 lane oswa plis nan kad sèvis nòmal swen sante yo bay nan anviwònman medikal sa yo:

- Sèvis premye swen nan sant dyagnostik ak tretman (tankou klinik eskolè ak sant planin familyal)
- Sèvis premye swen nan sektè anbilatwa lopital yo
- Sektè ospitalizasyon lopital yo
- Sektè ijans yo

Tè VIH yo dwe ofri pa doktè yo, asistan doktè, pratikan enfimye oswa fanm saj yo ki bay premye swen, oswa reprezantan yo, kèlkeswa konteks la.

Premye Swen vle di domèn medikal:

- Medsin familyal
- Pedyatri jeneral
- Premye Swen
- Medsin Entèn
- Premye Swen obstetrik/ jinekoloji

Gen twa eksepsyon konsènan egzijans pou ofri tè VIH la:

- Si moun lan ap swiv tretman pou yon ijans ki menase lavi l;
- Si yo te ofri moun lan yon tè oswa si l te fè yon tè VIH avan (sof si gen lòt endikasyon akòz yon konpòtman a risk resan);
- Si founisè kap okipe moun lan te detèmine li manke kapasite mantal pou l konsanti.

## **Eske konsantman nesèsè pou yon tès VIH?**

Lwa Eta New York mande pou yo enfòmè yon moun avan yo fè yon tès VIH, tankou fè l konnen li gen dwa pou l refize yon tès VIH. Mizajou lwa sante piblik la efektiv apati dat 28 novanm 2016 la retire egzijans pou jwenn konsantman pou yon tès VIH alekri oswa aloral, sa gen ladanl eliminasyon konsantman ekri pou tès VIH nan etablisman koreksyonèl eta New York yo, ak elimine referans a fomilè konsantman yo. Objektif mizajou lwa sou sante piblik la se elimine baryè pou tès VIH la ak fè tès VIH nan menm fason yo fè lòt tès enpòtan nan laboratwa. Tès VIH rete volontè e pasyan yo gen dwa pou refize yon tès VIH, men yo pa egzije konsantman oral oswa ekri pou tès ankò nan okenn konteks. Yo dwe fè pasyan yo konnen oralman yo pra l fè yon tès VIH. Si pasyan an pa dakò fè tès VIH, yo dwe note sa nan dosye medikal pasyan an.

## **Eske minè yo kapab konsanti pou pwòp tès VIH yo, tretman VIH ak sèvis prevansyon VIH?**

Wi. Minè yo gen kapasite pou konsanti pou yon tès VIH san enplikasyon paran yo. Yo dwe ba yo enfòmasyon ki nesèsè konsènan VIH la e yo dwe di yo gen dwa pou refize yon tès VIH. Mizajou regleman sante piblik 2016 yo kounye a pèmèt minè yo bay konsantman yo pou tretman VIH ak sèvis prevansyon VIH, tankou pwofilaksi avan-ekspozisyon (PrEP) ak pwofilaksyon apre ekspozisyon. (PEP).

## **Ki enfòmasyon yo dwe bay yon moun avan yo fè yon tèst VIH?**

Avan yo fè yon tèst VIH, yo dwe bay enfòmasyon sou VIH la aloral, alekri, pa mwayen siy oswa nan lòt fòm a odyovizyèl ki bon pou pasyan an. Mete yon postè klinik tèst VIH NYS DOH la yon kote ki vizib oswa bay pasyan yo bwochi sou tèst VIH pasyan NYS DOH la se fason senp pou transmèt enfòmasyon sa yo bay pasyan an. Bwochi ak postè tèst yo disponib nan sèt lang diferan e moun kapab jwenn toude nan:

<https://www.health.ny.gov/diseases/aids/consumers/testing/index.htm>

## **Ki lè li nenesè pou genyen yon fòmilè divilgasyon ki siyen pou pataje enfòmasyon?**

Anjeneral, yo kapab divilge enfòmasyon ki an rapò ak VIH sèlman si moun lan siyen yon fòmilè divilgasyon VIH ki apwouve. Pa egzanp, yon founisè medikal kapab pa pataje enfòmasyon konfidansyèl sou VIH ki nan dosye medikal yon moun avèk yon responsab ka oswa lòt manm pèsònèl ki nan òganizasyon kominotè san yon fòmilè divilgasyon ki siyen. Pou divilge enfòmasyon an rapò ak VIH ki nan yon dosye medikal bay yon moun ki pa founisè medikal pou nenpòt rezon, tankou lyen ak swen, yo egzije yon fòmilè divilgasyon espesifik ki siyen. Yo itilize Fòmilè Otorizasyon DOH 2557 la pou Divilgasyon enfòmasyon medikal ak enfòmasyon konfidansyèl ki an rapò ak VIH yo pou rezon sa a. Fòmilè sa a pèmèt divilgasyon enfòmasyon ki gen rapò ak VIH ak enfòmasyon ki pa gen rapò ak VIH. Fòmilè DOH 5032 ki titre Otorizasyon pou Divilgasyon Enfòmasyon sou Sante (tankou Tretman pou Alkòl/Dwòg ak Enfòmasyon sou Sante Mantal) ak Enfòmasyon Konfidansyèl ki gen rapò ak VIH/SIDA ki disponib pou itilizasyon lè enfòmasyon ki dwe divilge a gen ladan l enfòmasyon sou alkòl oswa itilizasyon sibstans ki ofri pwoteksyon adisyonèl dapre Pati 2 42-CFR la.

# Nan ki sitiyasyon yo kapab divilge enfòmasyon ki an rapò ak VIH san yon fòmilè Divilgasyon VIH ki apwouve?

## Pou tretman medikal:

- Pwofesyonèl lasante kap travay nan ekip tretman avèk founisè moun lan kapab diskite yon enfòmasyon pasyan an ki an rapò ak VIH antre yo menm oswa avèk sipèvize yo, men sèlman pou bay swen ki nesèsè;
- Avèk yon divilgasyon jeneral, yon lopital oswa founisè swen sante kapab pataje enfòmasyon ki gen rapò ak VIH avèk konpayi asirans yon pasyan si yo bezwen enfòmasyon an pou peye pou swen medikal;
- Pèsonèl medikal ak sèten lot pesonel siveyans kapab gen aksè a enfòmasyon ki gen rapò ak VIH pou bay oswa kontwole sèvis yo si moun lan nan prizon oswa an libète kondisyonèl.

## Pou kontwole swen sante ak prevansyon maladi:

- Yo kapab bay pèsonèl ak komite etablisman swen sante yo, òganizasyon siveyans ak egzamen yo, oswa ajans gouvènman ki otorize pou gen aksè a dosye medikal yo enfòmasyon ki an rapò ak VIH lè li nesèsè pou sipèvize, kontwole, oswa bay yon sèvis sante oswa sèvis sosyal;
- Patnè koni yon moun ki fenk dyagnostike ak VIH dwe notifye pa yon doktè oswa yon ofisyè sante piblik ke li te ekspoze a VIH. Enfòmasyon konsènan sous enfeksyon an pa dwe divilge;
- Responsab sante piblik kapab gen aksè ak enfòmasyon sa a lè lalwa mande sa, tankou rapò sou ka VIH/SIDA pou kontwole tandans maladi yo ak planifye pwogram prevansyon yo;
- Chèchè kap fè rechèch nan yon sant akademik medikal avèk apwobasyon komite revizyon enstitisyonèl sant medikal la, komite ki responsab pwoteksyon moun yo.

### **Pou ankouraje lyen ak retansyon swen VIH:**

Si yon moun sanble li pa nan swen, enfòmasyon an kapab pataje ant Depatman Sante a ak yon founisè swen sante oswa yon kowodonatè swen avek yon relasyon swen dokimante avèk pasyan an. Si yon moun ki gen VIH sanble li pa gen swen, yon founisè medikal kapab kontakte l, yon kowodonatè swen oswa yon manm pèsònèl depatman sante a pou rezoud pwoblèm ki anpeche l jwenn swen an ak ankouraje l pran angajman nan zafè swen.

### **Pami lòt sikonstans pou divilgasyon enfòmasyon ki an rapò ak VIH san yon fòmilè espesifik divilgasyon VIH genyen:**

- Ajans ki otorize pou travay avèk moun ki pral paran adoptif yo oswa paran dakèy kapab gen aksè ak enfòmasyon sa a;
- Yon jij kapab bay yon òdonans jidisyè espesyal ki mande pou divilge enfòmasyon ki gen rapò ak VIH. Yo pa kapab divilge enfòmasyon an pou reponn a yon asiyasyon ki delivre pa yon avoka;
- Atik 27-F la pa kouvri tès VIH lè yo mande l sèlman pou rezon asirans. Se Seksyon 2611 Lwa sou Asirans la ki kouvri l. Lè yo bay yon tès VIH pou rezon asirans, jeneralman li gen ladan l yon brèf konsantman alekri ak yon referans a yon konseye pou plis kesyon;
- Divilgasyon an kapab fèt san konsantman nan sèten ka ekspozisyon ak VIH nan travay lè tout kritè pou ekspozisyon an reyini;

# **Lè yo ap divilge enfòmasyon espesifik sou VIH bay yon lòt pati ,èske li nesèsè pou mete ladan l yon deklarasyon ki di enfòmasyon an pa kapab redivilge san konsantman pwoteje moun lan?**

Anjeneral, yon deklarasyon ki di enfòmasyon pa kapab redivilge dwe akonpanye tout ka kote yo pataje enfòmasyon ki gen rapò ak VIH. Sepandan, gen plizyè eksepsyon.

## **Yon deklarasyon redivilgasyon PA nesèsè nan sitiyasyon ki vin annapre yo:**

- Yon founisè swen sante oswa yon etablisman sante pataje enfòmasyon an lè li nesèsè pou konnen enfòmasyon ki gen rapò ak VIH la pou bay swen ki apwopriye;
- Enfòmasyon an pataje avèk twazyèm pati kap fè ranbousman yo oswa ajan yo nan mezi ki nesèsè pou ranbouse founisè swen sante yo pou sèvis sante yo; A kondisyon, kote sa nesèsè, founisè a jwenn yon lòt otorizasyon apwopriye pou divilgasyon sa a;
- Nan ka konsantman apwopriye, ki defini kòm konsantman ki itilize fòmilè apwopriye a. Fòmilè apwopriye a gen ladan l: Divilgasyon espesifik otorize pou VIH, non moun ki pwoteje a, non destinatè a, rezon/objektif, dat, moman konsantman an, siyati;
- Lè se kliyan yo menm ki ap divilge enfòmasyon ki an rapò ak VIH;
- Kominikasyon entèn;
- Lè yo divilge enfòmasyon bay paran/ gadyen legal yo;
- Pou rezon notifikasyon kontak;
- Nan kad yon òdonans tribinal;
- Yon ajans otorize an lyezou avèk fanmi akèy/ adopsyon;
- Ajans jistis penal yo, yon fason pou ranpli fonksyon depatman an nan sa ki konsène moun ki pwoteje a;
- Lè l divilge bay responsab sante yo;
- Lè yo ap bay sèvis egzamen/ siveyans;
- Lè li pataje pou rezon transplantasyon ògàn.



**Men yon egzanp deklarasyon redivilgasyon:**

“enfòmasyon sa a ou resevwa a soti nan dosye konfidansyèl ki anba pwoteksyon lwa eta a. Lwa eta a entèdi w fè lòt divilgasyon enfòmasyon an san konsantman espesifik alekri moun ki mèt li a, oswa jan lalwa pèmèt sa. Nenpòt divilgasyon anplis ki vyole lwa eta a kapab okazyone yon amann oswa yon pèn prizon oswa toude alafwa. Yon otorizasyon jeneral pou divilgasyon enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA sifi pou plis divilgasyon.”  
- Lwa sou Sante Piblik § 2782 (5)(a)

## **Resous:**

**Liy Dirèk pou Konfidansyalite VIH Depatman Sante Eta New York**  
**800-962-5065**

lendi - vandredi, 8:30 a.m. - 4:30 p.m.

**Ou kapab voye yon rapò plent nan:**

**Special Investigation Unit AIDS Institute (Inite Espesyal Envestigasyon Enstiti SIDA**

New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York)  
Empire State Plaza, Corning Tower #308  
Albany, NY 12237

**518-473-2300**

**Pou rapòte yon vyolasyon dwa moun nenpòt kote nan Eta New York:**

New York State Division of Human Rights, Office of AIDS Discrimination Issues ( Seksyon Dwa Moun Eta New York, Biwo Pwoblèm Diskriminasyon sou SIDA)

**888-392-3644**

Pou aksede ak fòmilè vyolasyon prezime Atik 27-F la,  
Tanpri konsilte fòmilè DOH 2865 la, ki twouve l isit la:  
<https://www.health.ny.gov/forms/doh-2865.pdf>

**Pou plis enfòmasyon konsènan pwoteksyon lavi prive nan nivo federal:**

US Department of Health and Human Services,(Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini),  
Office for Civil Rights (Biwo Dwa Sivil)

**800-368-1019**

**Pou enfòmasyon ak èd nan sèvis notifikasyon patenè:**

Sèvis Patenè yo

**800-541-2437**

**Pwogram Asistans pou Notifikasyon Kontak (CNAP):**

New York City only

**212-693-1419 oswa rele 311**

**Pou enfòmasyon jeneral oswa asistans legal posib:**

Sant Aksyon Legal

**212-243-1313**

Pou aksede a bon jan fòmilè konsantman ak fòmilè divilgasyon yo epi aprann plis sou pwogram, politik ak règleman ki an rapò ak VIH/SIDA yo, vizite paj wèb NYSDOH la nan:

**[www.health.ny.gov/diseases/aids/index.htm](http://www.health.ny.gov/diseases/aids/index.htm)**



**Swiv nou sou:  
health.ny.gov  
facebook.com/NYSDOH  
twitter.com/HealthNYGov  
youtube.com/NYSDOH**

